

# Vaksen kont COVID-19 yo Disponib pou Timoun ki gen ant 6 Mwa ak 4 Ran Kounye a. Fè Pitit Ou a Pran Vaksen Jodi a!

Pou ou jwenn yon kote yo fè vaksinasyon, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele 877-829-4692. Si ou gen kesyon, pale ak pwofesyonèl medikal pitit ou a oswa rele 212-268-4319 si ou pa gen pwofesyonèl medikal.

Vaksen yo **san danje**, yo **bay rezilta**, yo **gratis** e yo se **pi bon fason pou pwoteje pitit ou a** ak fanmi ou kont COVID-19, menm si pitit ou a te fè COVID-19 deja.

Paran yo oswa responsab legal yo dwe bay otorizasyon pou pitit yo pran vaksen an, epi timoun ki pi piti pase laj 15 an dwe genyen yon granmoun ki vini avèk yo.

## Poukisa pou timoun ki gen laj 6 mwa rive 4 ran pran vaksen an?

Moun tout laj ka trape COVID-19, e varyant pi atrapan yo lakòz timoun yo malad anpil, entèn lopital epi mouri anba COVID-19, donk li pi enpòtan toujou pou pran vaksen an kounye a. Gen kèk moun ki kapab genyen pwoblèm sante ki dire lontan apre yo te genyen COVID-19 (yo rele sa tou COVID long), tankou difikilte pou respire, doulè nan misk ak nan jwenti, maltèt ak fatig. Lè ou fè timoun yo pran vaksen sa ede pwoteje moun ki antoure yo tou, sitou sa ki gen plis risk fè COVID-19 grav.

## Pou timoun ki gen laj ant 6 mwa ak 4 ran, kisa kantite dòz la ak delè yo ye pou chak mak vaksen?

Kounye a gen de (2) opsyon vaksen, yo chak ak yon kantite dòz ak delè diferan pou pran vaksen an:

- Moderna: laj 6 mwa rive 5 an
  - De (2) dòz, avèk kat ak uit semèn ki separe yo
- Pfizer: laj 6 mwa rive 4 ran
  - Twa dòz, avèk twa ak uit semèn ki separe premye dòz la ak dezyèm dòz la; epi uti semèn ki separe dezyèm dòz la ak twazyèm dòz la

## Èske pitit mwen an ka resevwa youn nan vaksen kont COVID-19 yo nan kabinè pwofesyonèl medika li an oswa nan famasi?

- Rele pwofesyonèl medikal ou a pou verifye li ofri vaksen an, epi pran randevou. Pandan ou la, mande si pitit ou a ajou ak vaksinasyon woutin li yo pou anpeche lòt maladi danjre, tankou lawoujòl, malmouton, koklich ak saranpyon. Pitit ou a kapab pran lòt vaksen menm lè ak vaksen kont COVID-19 la.

**NYC VACCINE FOR ALL:**  
**SAFE, FREE, EASY**

**NYC**



- Si ou pa gen pwofesyonèl medikal, rele 212-268-4319 pou yo ede ou jwenn youn nan NYC Health + Hospitals. Y ap bay swen nan Vil New York kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, asirans ou oswa kapasite ou pou peye.
- Ou kapab mande famasi yo tou si yo ofri vaksen pou timoun ki gen laj pitit ou a.

### **Èske vil la pral jere kote ki fè vaksinasyon pou timoun?**

Wi. Vil la ap jere 10 kote an jiyè ak out pou vaksinen timoun ki gen ant 6 mwa ak 5 an sèlman. Pou jwenn yon kote k ap bay vaksen, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder)

### **Kijan nou fè konnen vaksen yo san danje epi mache pou timoun yo?**

Yo te etidye vaksen yo kay timoun ki gen laj 6 mwa rive 4 ran epi yo montre yo san danje e yo efikas anpil. Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (U.S. Food and Drug Administration) ak lòt ekspè endepandan te kontwole pwosesis la de prè. Gen plizyè dizèn milyon timoun ki gen laj omwen 5 an ki deja pran vaksen kont COVID-19 san pwoblèm.

### **Kisa efè segondè yo ye?**

Timoun yo gen menm efè segondè ak granmoun yo, sa gen ladan doulè nan bra kote yo te pran piki an, maltèt oswa lafyèv, epi fatig oswa doulè nan kò. Siy sa yo vle di kò a ap devlope pwoteksyon. Efè segondè yo dire an jeneral youn rive de (2) jou. Efè segondè grav yo trè ra epi risk pou COVID-19 yo pi gwo lontan.

### **Èske timoun bezwen otorizasyon pou yo vaksinen? Èske yo bezwen asirans, pyès idantite oswa lòt dokiman?**

Yon paran oswa responsab legal dwe akonpaye pitit yo nan kote k ap fè vaksinasyon an, di yo dakò an pèsenn nan moman randevou a epi pote prèv laj timoun nan, tankou pyès idantite oswa ak nesans, oswa ateste laj timoun nan an pèsenn. Paran oswa responsab legal yo pa bezwen bay sitiyasyon imigrasyon, ni nimewo sekirite sosyal ni asirans. Si yon paran oswa responsab legal genyen asirans, yo gendwa voye bòdwo, men yo p ap bezwen peye ni kopeman ni lòt frè.